jaam bi du seqi benn jéego ëllëg bis-pénc ludul ne dees na ko laaj dundam gi ci lan la ko jeexale, ak xam-xamam bi lu mu ci def, ak alalam nan la ko ame ak ci fan la ko dugal , ak yaramam wi ci lan la ko ràppal

Jële nañu ci Abuu Barsata Al-Aslamii -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «jaam bi du seqi benn jéego ëllëg bis-pénc ludul ne dees na ko laaj dundam gi ci lan la ko jeexale, ak xam-xamam bi lu mu ci def, ak alalam nan la ko ame ak ci fan la ko dugal , ak yaramam wi ci lan la ko ràppal».

[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne kenn ci nit ñi du weesu bérabu regle ba ëllëg bis-pénc jëm àjjana walla sawara lu dul ne dees na ko laaj ay mbir: Bi ci njëkk: dundam gi ci lan la ko jeexal? Ñaareel bi: xam-xamam bi ndax da koo sàkku ngir Yàlla? Ak ndax jëfe na ko? Ak ndax jottali na ko ñi ko yeyoo? Ñatteel bi: alalam ji fan la ko ame ndax ci lu dagan la walla lu araam? Ak fan la ko dugal, ci lu Yàlla gërëm la walla lu koy merloo? Ñenteel bi: yaramam wi ak kàttanam gi ak jàmmam ji ak waxambaanem gi ci lan la ko ràppale, lu mu ci def?

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/4950